



City of Somerville, Massachusetts
Depatman Finans, Divizyon Trezò
Katjana Ballantyne – Mayor

SOMERVILLE CITY HALL • 93 HIGHLAND AVENUE • SOMERVILLE MASSACHUSETTS 02143
(617) 625-6600 Ekst. 3500 • TTY: (617) 666-0001 • Faks: (617) 666-9682
www.somervillema.gov • treasury@somervillema.gov

Èske Peman w lan Disparèt?

Si ou te peye atravè bank an liy bank ou an epi peman w lan pa kredite sou kont ou an nan de semèn, yon demann alekri pou rechèch **dwe akonpaye pa yon kopi chèk ki anile a, devan ansanm ak dèyè**. Tranzaksyon an liy ou an ak bank ou a pwodui yon chèk papye ki soumèt bay biwo nou an san yon bòdwo remiz ki endike kont apwopriye kote li ta dwe kontabilize a. Chèk papye a afiche anyèlman nan "nimewo bòdwo" ke ou bay nan espas "Kont" lan. Fakse, voye pa lapòs oswa voye kopi a ba nou nan yon imèl (gade enfòmasyon anlè nan antèt la). Tanpri konsidere fè peman alavni atravè sitwèb Vil la, paske li sèten epi an sekirite: www.somervillema.gov

Si w te peye ak chèk, ou dwe founi **yon kopi chèk ki anile a** ansanm ak yon lèt demann pou ke nou dwe chèche peman w ki mal aplike a. Fakse, voye pa lapòs oswa voye kopi chèk ki anile a ba nou pa imèl (gade enfòmasyon anlè nan antèt la).

Si w te peye ak lajan kach, ou dwe founi **resi orijinal** la (nou pa aksepte kopi) ki soti nan tranzaksyon lajan kach ou a ansanm ak yon lèt demann pou pou ke nou dwe chèche peman w ki mal aplike a. Li pi bon pou w pa poste resi orijinal la, pou li pa pèdi nan lapòs.

Si konpayi ipotèk ou a reklame ke li te peye, yon kopi chèk ki anile a, devan ansanm ak dèyè, ansanm ak fèy debousman an ki gen ladan kantite paj total la, dwe soumèt bay biwo nou an ak yon lèt demann pou rechèch.

Si frè yo te angaje, nou va revize yo ka pa ka. Gade paj sitwèb Depatman Trezò a pou Repons a Kesyon yo Poze Souvan yo.

Imel: treasury@somervillema.gov Tel: (617) 625-6600 x-3500 Lè yo: Lendi – Mèkredi 8:30 a.m. rive 4:30 p.m., Jedi 8:30 a.m. rive 7:30 p.m., epi Vandredi 8:30 a.m. rive 12:30 p.m.

Mèsi pou kowòperasyon w.
Ak bonjan salitasyon,
Depatman Trezò